

Nimewo 99

E G Z E K I T I F D E K R È

**SISPANSYON TANPORÈ DISPOZISYON KI KONSÈNE REDRÈSMAN ENFRASTRIKTI SÈVIS
TRANSPÒ POU IJANS ETA A AKÒZ KATASTWÒF**

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47, pou deklare yon eta ijans pou katastwòf nan tout 62 konte ki nan Eta New York;

ALÒSKE, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo. 98 pou kontinye deklarasyon eta ijans katastwòf nan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan 90 jou;

ALÒSKE, enstalasyon Metropolitan Transportation Authority ak filyal li yo (yo rele tout ansanm, “MTA” a) te sibi gwo domaj pandan, ak apre Sipè Ouragan Sandy;

ALÒSKE, MTA a pral resevwa anpil lajan asistans federal pou (i) reparasyon, rekonstriksyon ouben reyabilitasyon pon, tinèl, sobwe ouben liy ray, enstalasyon, enfrastrikti ak ekipman ki andomaje apre ouben pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy; epi (ii) travay atenyasyon te ki fèt pou pwoteje kont fiti domaj ki asosye ak siklòn tankou nan pon, tinèl, sobwe ouben liy ray, enstalasyon, enfrastrikti ak ekipman;

ALÒSKE, MTA bezwen ekspedye distribisyon kontra pou yo ka reyalize rapidman reparasyon enpòtan , rekonstriksyon, reyabilitasyon ak travay atenyasyon ki nesèsè epi pou maksimize itilizasyon lajan asistans federal la;

KOUNYE A, KIDONK, mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann pou yon ti tan dispozisyon espesifik nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa kèk pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a akòz katastwòf, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesèsè pou siviv avèk katastwòf la, mwen sispann pou yon ti tan, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jouk lè gen lòt avi, nan lwa sa yo:

Seksyon 1209 ak 1265-a Lwa Otorite Piblik la, depi Ofisye Egzekitif Responsab oubyen Direktè Egzekitif MTA jije li nesèsè pou: (i) otorize distribisyon kontra san itilizasyon apèl dòf kachte fouben lòt pwosesis apwovizyonman konpetitif preskri pou reparasyon, rekonstriksyon ouben reyabilitasyon pon, tinèl, sobwe ouben liy ray, enstalasyon, enfrastrikti ouben ekipman ki andomaje apre ouben pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy ak pou acha ekipman, materyèl ak founiti pou fè travay sa yo; (ii) otorize distribisyon kontra san itilizasyon apèl dòf kachte ouben lot pwosesis apwovizyonman konpetitif preskri pou reparasyon, rekonstriksyon ouben reyabilitasyon pon, tinèl, sobwe ouben liy ray, enstalasyon, enfrastrikti ouben ekipman ki andomaje apre ouben pandan pasaj Sipè Ouragan Sandy ak pou acha ekipman, materyèl ak founiti pou fè travay sa yo; epi (iii) ajoute travay, sit ak lè nan kontra MTA ki egziste deja yo;

Seksyon 2879(3)(b)(ii) Lwa Otorite Piblik la depi Ofisye Egzekitif Responsab ou Direktè Egzekitif MTA a detèmine li nesèsè pou sispann enstriksyon MTA pou kontra apwovizyonman ki konsènen sèvis ki pou rann pandan yon peryòd ki depase yon ane.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, disetyèm jou mwa me nan ane
de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a